

DEMASKE

òlalwa yo sou entènèt la

Evite èskrokri ak twa konsèy Senp

Frod èskrokri yo se mesaj sou entènèt ki fèt pou sanble yo soti nan yon sous ou fè konfyans. Nou ka louvri sa nou te panse ki se yon imèl ki an sekirite, atachman oswa imaj, men nou twouve tèt nou ekspoze a lojisyèl malveyan oswa yon magouyè kap chèche done pèsònèl nou yo.

Bon nouvèl la se nou ka pran prekosyon pou pwoteje done enpòtan nou yo. Aprann rekonèt epi rapòte èskrokri pou pwoteje aparèy ak done yo.

1 Rekonèt siy komen yo

- Langaj ijan oswa emosyonèlman atiran
- Demann pou voye done pèsònèl oswa finansye
- Atachman inatandi
- URL ki pi kout ki pa fyab
- Adrès imèl ki pa koresponn ak moun k ap voye l la
- Move gramè/mot òtograf (mwens komen)



2 Reziste epi rapòte

KOURYE**ESKWOKRI**

Rapòte mesaj ki sispèk lè w sèvi avèk fonksyon "rapòte spam". Si mesaj la fèt pou sanble ak yon òganizasyon ou fè konfyans, rapòte mesaj la lè w avèti òganizasyon an lè w sèvi avèk enfòmasyon kontak yo ki sou paj wèb yo.

3 Siprime


Simprime mesaj la. Pa reponn oswa klike sou okenn atachman oswa lyen, ki gen ladan nenpòt lyen "dezabònman". Bouton dezabònman an ta ka pote tou yon lyen ki itilize pou èskrokri. **Jis siprime.**

SIPRIME


Si yon mesaj sanble sispèk, li pwobableman èskrokri.

Men, menm si gen yon posibilite li ta ka reyèl, pa klike sou okenn lye, atachman oswa rele nenpòt nimewo. Chèche yon lòt fason pou kontakte yon konpayi oswa yon moun dirèkteman:

- Ale nan sit entènèt yon konpayi pou jwenn enfòmasyon kontak yo
- Rele moun nan nan yon nimewo fanmi epi konfime si yo te voye mesaj la



Evite èskrokri se yon fason pou
Sekirize Mond Nou an.



Nou tout ka ede youn lòt
rete pi an sekirite sou entènèt, donk
pataje konsèy sa yo ak yon manm
fanmi oswa yon zanmi!

cisa.gov/SecureOurWorld